# Апостол Павелы фыстæг эфесæгтæм

## – 1 –

**1** Павелæй, Хуыцауы фæндæй
Йесо Чырыстийы апостолæй – Йесо
Чырыстиимæ иу æмæ Йыл иузæр-
дион чи у, Эфесы уыцы сыгъдæ-
джытæм.
**2** Хорзæх æмæ уын фарн нæ
Фыд Хуыцауæй æмæ Хицау Йесо
Чырыстийæ.

*Чырыстийы фæрцы – арфæгонд*

**3** Арфæгонд уæд нæ Хицау Йесо
Чырыстийы Хуыцау æмæ Фыд, уды
æгъдауæй ныл Чырыстийы фæрцы
уæлæрвты алы хуызы арфæ баф-
тауæг.
**4** Уый Чырыстийы руаджы мах
сæвзæрста дуне сфæлдисыны раз-
мæ, Йæ разы сыгъдæг æмæ æна-
ипп куыд уæм.
**5** Хуыцау нæ кæй уарзы, уый тых-
хæй Йæ фæндонмæ гæсгæ рагацау
снысан кодта Йесо Чырыстийы
фæрцы махæй Йæхицæн хъæбул-
тæ саразын,
**6** Цæмæй раппæлдæуа Йе стыр
хорзæхæй – уымæй нын бахай
кодта Йæ уарзон Фырты руаджы.
**7** Чырысти не ссæрибары аргъ
бафыста Йæ Тугæй, æмæ нын ха-
тыр сты нæ тæригъæдтæ. Афтæ рав-
дыста Хуыцау Йæ æгæрон хорзæх,
**8** Æмæ дзы махæн радта рæда-
уæй, цæмæй уæм уæлзонд æмæ æм-
барæм Йæ уынаффætæ.
**9** Хуыцаумæ рагагъоммæ уыди,
Чырыстийы руаджы кæй хъуамæ
сæххæст кодтаид, ахæм нысан.
Æмæ ныр махæн раргом кодта Йæ
уыцы сусæг фæнд –
**10** Афон куы ралæууа, уæд уæл-
арвон æмæ зæххон цы у, æппæт
уыдон, Чырысти сæ сæргъы, аф-
тæмæй баиу кæнын.
**11** Æппæт дæр Йæхи фæндон-
мæ гæсгæ Чи кæны, уыцы Хуыцау
рагацау куыд снысан кодта, афтæ
Чырыстийы фæрцы мах сæвзæр-
ста Йæхицæн адæмæн,
**12** Цæмæй мах æппæлæм Йæ
намысæй, уымæн æмæ Чырысти
зæрдæдарæн фыццаг махæн сси.
**13** Æмæ сымах дæр куы фе-
хъуыстат æцæгады ныхас, фарны
уац уæ фервæзыны тыххæй, æмæ
Чырыстийыл куы бауæндыдыстут,
уæд баиу стут Йемæ. Хуыцауы адæм
кæй стут, уый равдисынæн Хуыцау
сымах схайджын кодта, зæрдæ
Кæмæй бавæрдта, уыцы Сыгъдæг
Удæй.
**14** Сыгъдæг Уд у, Хуыцаумæ нын
æфснайдæй цы хорзæхтæ лæууы,
уыдон кæй райсдзыстæм, уый æв-
дисæн. Райсдзыстæм сæ, Хуыцау
Йæ адæмы куы ссæрибар кæна,

---

**1:1** 1 Кор. 1:1; 2 Кор. 1:1. **1:3** 1 Пет. 1:3; 2 Кор. 1:3. **1:4** Ром. 8:29; 2 Тим. 1:9. **1:6** Мф. 3:17; Ром. 5:15. **1:7** Ром. 3:25. **1:9** Эф. 3:9. **1:10** Мк. 1:15; Гал. 4:4; Кол. 1:20. **1:11** Лк. 7:30; Ап. хъ. 20:27. **1:13** Эф. 4:30.

уæд. Æмæ афтæмæй Йæ кадыл но-
джыдæр бафтдзæн.

*Павел кувы*

**15** Уымæ гæсгæ æз дæр, Хицау
Йесойыл кæй бауæндыдыстут æмæ
æппæт сыгъдæгджыты кæй уарзут,
уый куы фехъуыстон,
**16** Уæдæй фæстæмæ сымах тых-
хæй иудадзыг арфæ кæнын Хуыца-
уæн æмæ кувын,
**17** Цæмæй нæ Хицау Йесо
Чырыстийы Хуыцау, намысджын
Фыд, сымах схайджын кæна Йæ
Удæй. Уыцы Уд уын ратдзæн уæл-
зонд æмæ уын раргом кæндзæн
Хуыцауы.
**18** Æз кувын, цæмæй байгом уой
уæ зæрдæйы цæстытæ æмæ базо-
нат, Хуыцау кæй æрхуыдта, уыдо-
нæн зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый.
Сымах бамбарат, куыд намысджын
сты, Йæ сыгъдæгджытæн хай кæ-
мæй уыдзæн, Йæ уыцы хорзæхтæ,
**19** Куыд æгæрон æмæ егъау у,
махыл, уырнджытыл, кæмæй хæ-
цы, Йæ уыцы домбай тых.
**20** Уыцы тых Хуыцау равдыста
Чырыстийыл – мæрдтæй Йæ рай-
гас кодта æмæ Йæ уæлæрвты сба-
дын кодта Йæ рахиз фарс,
**21** Æппæт уæларвон æлдæрт-
тæй æмæ барджынтæй, тыхджын-
тæй æмæ хицæуттæй уæлдæр; æмæ
Йын радта æрмæст абоны нæ, фæ-
лæ фидæны дунейы æппæт нæмт-
тæй дæр уæлдæр ном.
**22** Хуыцау æппæт дæр фæкодта
Чырыстийы къæхты бын, сæвæрд-
та Йæ тæккæ уæлдæр бынаты –
Аргъуаны сæргъы.
**23** Аргъуан у Йæ Буар, æмæ уыцы
Буары æххæстæй цæры, æппæт дæр
алцæмæй Чи æххæст кæны, Уый.

# – 2 –

*Райгас стæм Чырыстиимæ*

**1** Уæ æнæуаг миты æмæ тæри-
гъæдты аххосæй сымах раздæр мард
уыдыстут.
**2** Уыцы тæригъæдты æфтыдæй
цардыстут ацы дунейы уагыл, уæл-
дæфы æлдариуæг чи кæны, Хуыца-
уы ныхмæлæуджыты фæрцы ныр-
тæккæ чи архайы, уыцы удæн
коммæгæсæй.
**3** Мах дæр кæддæр цардыстæм
уыдонау, æфсæстам нæ тæригъæд-
джын æрдзыхъæды мондæгтæ, нæ
чъизи хъуыдытæн æмæ бæллиц-
тæн уыдыстæм коммæгæс. Иннæ-
тау нæ æрдзыхъæдмæ гæсгæ уыды-
стæм, Хуыцауы фыдæх кæй хъуа-
мæ баййæфтаид, ахæмтæ.
**4** Фæлæ фæлмæнзæрдæ Хуыцау
мах афтæ бирæ бауарзта,
**5** Æмæ мах, нæ тæригъæдты ах-
хосæй мард адæмы, райгас кодта
Чырыстиимæ – сымах фервæзты-
стут Хуыцауы хорзæхы фæрцы.
**6** Хуыцау нæ райгас кодта Йесо
Чырыстиимæ æмæ нæ уæлæрвты
сбадын кодта Йемæ,
**7** Цæмæй фидæны æнусты рав-
диса, куыд æгæрон сты Йæ хорзæх
æмæ, Йесо Чырыстийы руаджы мах-
мæ кæй равдыста, Йæ уыцы уарзт.

---

**1:14** 2 Кор. 5:5. **1:16** Флп. 1:3. **1:17** 1 Кор. 12:8. **1:18** Ап. хъ. 26:18. **1:20** Мк. 16:19. **1:21** Кол. 2:10. **1:22** Мф. 28:18; 1 Кор. 15:27; Эф. 5:23; Кол. 1:18; 2:10. **2:1** Кол. 2:13. **2:2** Ин. 12:31; 1 Кор. 6:11; Кол. 3:7. **2:4** Ром. 2:4. **2:5** Ром. 8:11. **2:7** Эф. 3:8.

**8** Хуыцауы хорзæх сымах фер-
вæзын кодта уæ уырнындзинады
фæрцы. Уæхæдæг ницæмæй фес-
гуыхтыстут – уый уын Хуыцауы
лæвар у;
**9** Уæ хъуыддæгтæм гæсгæ нæ
фервæзтыстут, æмæ йæхицæй ма-
чи раппæлæд.
**10** Мах Хуыцауы сконд стæм,
Йесо Чырыстийы фæрцы нæ сфæл-
дыстæуыди, Хуыцау нын рагацау
кæй снысан кодта, уыцы хорз
хъуыддæгтæ аразынмæ.

*Йесо – фидауынгæнæг*

**11** Раздæр чи уыдыстут, уый уæ
зæрдыл дарут. Туг æмæ стæгæй
кæддæр муртаттæ уыдыстут. Сы-
мах æнæсунæт хуыдтой, сунæтгонд
кæй хуындæуы, уыдон (афтæмæй
та сæ сунæт æрмæстдæр у, адæй-
маг буарæн цы саразы, уый).
**12** Уæды заман уыдыстут æнæ
Чырысти, израилаг адæмæн æцæ-
гæлæттæ, Хуыцауы бадзырдтæ æмæ
зæрдæвæрдæй – æнæхай, уæ зæр-
дæ ницæуыл дардтат, ацы дунейы
цардыстут æнæ Хуыцауæй.
**13** Сымах кæддæр дард уыдыстут,
ныр та баиу стут Йесо Чырыстии-
мæ, æмæ уæ Йæ Туг æрбахæстæг
кодта.
**14** Чырысти у нæ фидауынгæ-
нæг. Дзуттæгтæй æмæ муртаттæй
скодта иу адæм – фехæлдта, се
'хсæн цы сис уыди, уый,
**15** Æмæ фыдæх фесæфта Йæ мæ-
лæтæй. Чырысти аивта Æгъдау йеп-
пæт фæдзæхстытæ æмæ уагæвæрд-
тимæ, цæмæй бафидауын кæна
дыууæты дæр æмæ сæ, Йемæ иу-
гондæй, сараза ног адæймаг,
**16** Иу буары иугондæй сæ дзуа-
ры фæрцы бафидауын кæна Хуыца-
уимæ, дзуарыл фыдæх фесафгæйæ.
**17** Æмæ куы æрцыд, уæд æрхас-
та фидыды фарны уац сымахæн –
Хуыцауæй дард адæмæн, стæй Йæм
хæстæг чи уыди, уыдонæн дæр.
**18** Уымæн æмæ нæ дыууæтæн
дæр, иу Удæй хайджынтæн, Фыд-
мæ фæндаг байгом Чырыстийы
фæрцы.
**19** Уæдæ сымах æцæгæлæттæ
æмæ æрцæуæггæгтæ нал стут, фæ-
лæ сыгъдæджыты æмбæстæгтæ
æмæ Хуыцауы хæдзаронтæ.
**20** Сымах амад æрцыдыстут апос-
толты æмæ пехуымпарты бындурыл,
сæрæвæрæн дур та Йесо Чырысти
Йæхæдæг у,
**21** Æппæт бæстыхайыл Уый хæ-
цы, æмæ бæстыхай рæзы, Хицауы
сыгъдæг кувæндон куыд суа, афтæ.
**22** Чырыстиимæ иугондæй, сы-
махæй дæр Сыгъдæг Уды хъаруйæ
амадæуы цæрæн хæдзар Хуыцауæн.

## – 3 –

*Павел –*
*муртатты ахуыргæнæг*

**1** Уымæ гæсгæ æз, Павел, Йесо
Чырыстийæн кæй кусын, уый тых-
хæй дæн ахæстоны сымах, муртат-
ты, сæраппонд.
**2** Сымах куыд фехъуыстат, аф-
тæмæй Хуыцау Йæ хорзæхмæ гæс-

---

[2:8] Ап. хъ. 15:11. [2:9] Ром. 3:20. [2:10] Тит. 2:14; Дзут. 13:21. [2:12] Ром. 9:4; Кол. 1:21. [2:13] Ап. хъ. 2:39. [2:14] Ин. 16:33. [2:15] 2 Кор. 5:17. [2:18] Ин. 14:6; Ром. 5:2; Дзут. 10:19. [2:20] 1 Пет. 2:4. [2:21] Кол. 2:19. [2:22] 2 Кор. 6:16. [3:1] Ап. хъ. 21:33.

гæ мæ бæрны бакодта уæ сæраппонд кусын.

**3** Хуыцау Йæ сусæгдзинад раргом кодта мæнæн, æз уæм уæлдæр цыбырæй куыд ныффыстон, афтæ.

**4** Æмæ йæ куы бакæсат, уæд уæ бон бауыдзæн, æз Чырыстийы сусæгдзинад куыд æмбарын, уый базонын.

**5** Уыцы сусæгдзинад адæмы раздæры фæлтæртæн æргом нæ уыд, ныр та Сыгъдæг Уды руаджы раргом Чырыстийы сыгъдæг апостолтæн æмæ пехуымпартæн:

**6** Фарны уацы фæрцы муртаттæ дæр, Йесо Чырыстиимæ иугондæй, иудейтимæ уыдзысты иу буар æмæ уыдонимæ хай райсдзысты, Хуыцау зæрдæ цæмæй бавæрдта, уымæй.

**7** Хуыцау Йæ хъаруйы руаджы мæнæн кæй ралæвар кодта, Йæ уыцы хорзæхмæ гæсгæ æз сдæн лæггадгæнæг – фарны уац хъусынгæнæг.

**8** Мæнæн, сыгъдæджытæй тæккæ къаддæрæн, рардæуыд ацы хорзæх – фарны уац Чырыстийы æгæрон намысы тыххæй муртаттæм æрхæссын,

**9** Хуыцауы сусæг фæнд алкæмæн дæр раргом кæнын. [Йесо Чырыстийы фæрцы] æппæт дæр цы Хуыцау сфæлдыста, Уый рæстæджы райдианæй басусæг кодта Йæ уыцы фæнд,

**10** Цæмæй уæларвон æлдæрттæ æмæ барджынтæ Аргъуаны руаджы абон базоной, алы хуызы йæхи чи æвдисы, Хуыцауы уыцы уæлзонд.

**11** Хуыцау афтæ бакодта, дуне сфæлдисыны агъоммæ цы снысан кодта, уымæ гæсгæ. Æмæ Йæ уыцы фæндон сæххæст кодта нæ Хицау Йесо Чырыстийы руаджы.

**12** Чырыстиимæ кæй баиу стæм æмæ Йыл кæй æууæндæм, уый фæрцы нæ бон у зæрдæ даргæйæ æмæ ныфсджынæй Хуыцауы раз æрлæууын.

**13** Уымæ гæсгæ уæ курын: уæ сæраппонд кæй æвзарын, мæ уыцы тухæнтæ уын уæ ныфс ма асæттæнт – уыдоны фæрцы схайджын уыдзыстут намысæй.

*Чырыстийы æгæрон уарзт*

**14** Уый тыххæй æз лæууын мæ зонгуытыл [нæ Хицау Йесо Чырыстийы] Фыды раз –

**15** Арв æмæ зæххыл алы мыггагæн дæр ном Дæттæджы раз –

**16** Йæ намысджын хæзнадонæй уын тых куыд ратта, Йæ Уды руаджы уын уæ уд куыд сфидар кæна,

**17** Уæ уырнындзинады фæрцы Чырысти уæ зæрдæты куыд æрцæра.

**18** Уарзондзинад уæд уæ царды бындур. Æз кувын, цæмæй æппæт сыгъдæджытимæ уæ бон базонын уа, куыд уæрæх, парахат, æгæрон æмæ æнæбын у Чырыстийы уарзт –

**19** Зонд кæуыл не 'ххæссы, уыцы уарзт; æмæ æххæстæй хайджын уат Хуыцауы æрдзыхъæдæй.

**20** Хуыцауæн Йæ бон у, цы курæм кæнæ нæ фæсонæрхæджы дæр

3:3 Эф. 1:9. 3:5 1 Пет. 1:12. 3:6 Ром. 15:12. 3:7 Ап. хъ. 9:15. 3:8 Ром. 15:19; 1 Кор. 15:9; Гал. 1:16. 3:9 1 Пет. 1:20; Ром. 14:24; 1 Кор. 2:7; Кол. 1:26. 3:10 1 Пет. 1:12. 3:12 Эф. 2:18. 3:13 2 Тим. 2:10. 3:15 Эф. 1:10. 3:16 Эф. 1:7. 3:17 Ин. 14:23. 3:19 Ин. 1:16; Кол. 2:9.

цы нæй, уымæй дзæвгар фылдæр
саразын. Ахæм домбай у, нæ фæр-
цы йæхи чи æвдисы, Йæ уыцы тых.

**21** Йесо Чырыстийы руаджы
Хуыцауæн кад уæд Аргъуаны –
фæлтæрæй-фæлтæрмæ æмæ мыг-
гагæй-мыггагмæ! Амен.

## – 4 –

*Иудзинад*

**1** Уæдæ æз, Хицауы сæраппонд
ахст, курын сымахæй, цæмæй уæ
цард уа, Хуыцау уæ цæмæ æрхуыд-
та, уый аккаг.

**2** Иудадзыг ут сæрныллæг, æвæл-
мас, фæразон, иу иннæйы уарзæд,
йæ хъуагдзинæдтæм ын нæ кæс-
гæйæ.

**3** Уæхи хъарут, Хуыцауы Уд уын
цы иудзинад дæтты, уый бахъахъ-
хъæнынил; ут фидыд æмæ кæрæ-
дзиимæ æнæфæхицæнгæнгæ баст.

**4** Сымах иумæ иу буар стут, хай-
джын стут иу Удæй, ис уын иумæ-
йаг зæрдæдарæн – Хуыцау уын æй
радта, куы уæ æрхуыдта, уæд.

**5** Ис уын иу Хицау, иу уырнын-
дзинад, иу аргъуыд,

**6** Иу Хуыцау – неппæты Фыд.
Æппæтыл дæр цæуы Йæ бар, Йæхи
æвдисы алкæй фæрцы дæр æмæ
цæры алкæй зæрдæйы дæр.

**7** Махæй алкæмæн дæр хорзæх
лæвæрд у, Чырыстийы кæмæн цас
бафæндыд, уыйас.

**8** Сыгъдæг Фыст уымæ гæсгæ
зæгъы: «Ссыд уæлæмæ, райста уа-
цары, адæмæн радта хорзæх».

**9** «Ссыд уæлæмæ» та уæд цы
амоны, кæд раздæр дæлдзæхмæ кæй
ныццыд, уый нæ амоны, уæд?

**10** Чи ныццыд, æппæт уæлæрв-
тæй уæлдæр дæр Уый ссыди, цæмæй
паддзахиуæг кæна дун-дунейæн.

**11** Уый иуты сæвæрдта апостол-
тæй, иннæты – пехуымпартæй, ан-
нæты – фарны уац хъусынгæнджы-
тæй, кæй та – фыййæуттæ æмæ
ахуыргæнджытæй,

**12** Цæмæй цæттæ кæной сыгъ-
дæджыты, кусой Хуыцауæн, æмæ
рæза Чырыстийы Буар,

**13** Цалынмæ неппæт дæр æр-
цæуæм уымæ, æмæ уæм æмуд нæ
уырныдзинады, базонæм Хуыцауы
Фырты, алцæмæй дæр Чырысти-
йау æххæст куыд уæм, афтæ.

**14** Æмæ мауал уæм, алы ахуы-
рæдтæ уылæнтау кæмæй хъазынц
æмæ дымгæйау кæй хæссынц, ахæм
сабитæ; сайын ма бакомæм афæ-
ливынмæ дæсны хинæйдзæгтæн.

**15** Фæлæ зæрдиаг уæм æцæгад
æмæ уарзтыл, алцæмæй дæр суæм
Чырыстийы хуызæн æмæ баиу уæм
Йемæ – буары Сæримæ.

**16** Буарæн æппæт дæр Уый дæт-
ты – буар кæрæдзийыл æнгом хæ-
цы йеппæт нуæртты фæрцы, йæ
алы уæнг дæр кæны йæхи куыст,
æмæ афтæмæй буар æгасæй дæр
рæзы, арæзт цæуы уарзондзинады
фæрцы.

*Ног цард*

**17** Уымæ гæсгæ уын зæгъын æмæ
уын Хицауы номæй фæдзæхсын,

---

**3:20** Ром. 14:24. **4:1** Флп. 1:27; Кол. 1:10; 1 Фес. 2:12. **4:4** Ром. 12:5; 1 Кор. 12:12.
**4:6** Мк. 12:29. **4:7** Ром. 12:3; 1 Кор. 12:11; 2 Кор. 10:13. **4:8** Ин. 3:13.
**4:11** 1 Кор. 12:28. **4:13** 1 Кор. 14:20. **4:15** Эф. 1:22; Кол. 1:18.

цæмæй мауал цæрат, муртаттæ сæ
рæузонды аххосæй куыд цæрынц,
афтæ.
18 Уыдонæн сæ зонд аныгъуылд
талынджы, æнæфенд æмæ дурзæр-
дæ кæй сты, уый аххосæй æнæхай
фесты, Хуыцау цы цард дæтты,
уымæй.
19 Ныййих сты сæ зæрдæтæ,
уымæ гæсгæ бафтыдысты æлгъаг
хъуыддæгты, æмæ сын чъизи ми-
тæй æфсис нал и.
20 Сымах та Чырыстийы афтæ
нæ базыдтат, æмæ ахæм цардæй
цæрат.
21 Уымæн æмæ сымах фехъуыс-
тат Йесойы тыххæй, цы æцæгад
Æм ис, ууыл сахуыр стут,
22 Цæмæй мауал цæрат, уæ чъи-
зи мондæгтæ уæ куы сайдтой æмæ
уæ рауатмæ куы тардтой, раздæ-
ры уыцы цардæй,
23 Сног уат уд æмæ зондæй,
24 Æмæ суат, Хуыцауы хуызæн
кæй сфæлдыстæуыд, æцæгадмæ
гæсгæ рæстæй æмæ сыгъдæгæй чи
цæры, ахæм ног адæймæгтæ.
25 Уæдæ мауал дзурут мæнгтæ –
алчидæр хионæн дзурæд, æцæг цы
у, уый, уымæн æмæ мах иу буары
уæнгтæ стæм.
26 Куы смæсты вæййут, уæд-иу
тæригъæды ма бафтут: дæ мастæй
фервæз, цалынмæ хур нæ аныгуылд,
уæдмæ,
27 Æмæ хæйрæджы æмгæрон ма
уадзут.
28 Чи давта, уый мауал давæд,
фæлтау кусæд, кæнæд пайдайаг
хъуыддæгтæ йæхи къухтæй, æмæ
йæм уа, хъуаг чи æййафы, уымæ
фæкæсыны фаг дæр.
29 Æнæуаг ныхас æппындæр ма
схауæд уæ дзыхæй, фæлæ адæйма-
гæн йæ хъуаджы чи феххуыс уы-
дзæн æмæ йæ чи сфидар кæндзæн,
æрмæстдæр ахæм хорз ныхæстæ,
чи сæ фехъуса, уыдонæн хорзæхæн
куыд уой, афтæ.
30 Хуыцау уæ кæй ссæрибар кæн-
дзæн, уый равдисынæн уал уын ба-
хай кодта Йæ Сыгъдæг Удæй, æмæ
уыцы Уды хъыджы ма цæут.
31 Бынтондæр ныууадзут мæсты
æмæ знæт, хъæр-хъæлæба, фыдгой,
алы æндæр фыдæх.
32 Цæрут хæларæй, кæрæдзи-
йы зын уæм хъарæд, Хуыцау уын
Чырыстийы фæрцы куыд ныббар-
ста, афтæ хатыр кæнут кæрæдзийæн.

## – 5 –

1 Уæдæ, уарзон хъæбултау, фæз-
мут Хуыцауы,
2 Æмæ цæрут кæрæдзи уарзгæ-
йæ, Чырысти мах куыд бауарзта
æмæ нæ сæраппонд Хуыцауæн æх-
сызгон хæрздæф нывондæн Йæхи
куыд æрхаста, афтæ.
3 Хæтынæн, цавæрфæнды чъи-
зи мийæн æмæ кæрæфæн сымах-
мæ хъуамæ сæ кой дæр ма уа, сыгъ-
дæджытæн куыд æмбæлы, афтæ.
4 Стæй уыл фыддзых, дзæгъæл-
дзырд æмæ æнæуаг хъазæн ныхæс-
тæ дæр нæ фидауынц, уый бæсты
арфæ кæнут Хуыцауæн.

---

4:19 Ром. 1:24. 4:22 Кол. 3:9; Дзут. 12:1. 4:23 1 Пет. 4:2; Ром. 6:4; Кол. 3:10.
4:27 Иак. 4:7. 4:29 Мф. 12:36; Эф. 5:4. 4:30 Эф. 1:13. 4:32 Мф. 6:14; Мк. 11:25.
5:1 Мф. 5:18. 5:2 Ин. 13:34; 1 Ин. 3:11. 5:3 1 Кор. 6:15. 5:4 Мф. 12:36; Эф. 4:29.

**5** Зындгонд уын хъуамæ уа: нæ-
дæр хæтагæн, нæдæр чъизи адæй-
магæн, нæдæр кæрæфæн, – уы-
мæн æмæ кæрæф мæнгхуыца-
уæн кувæг у, – Чырыстийы æмæ
Хуыцауы Паддзахады хай нæ уы-
дзæн.

**6** Дзæгъæлдзырдæй уæ мачи
асайæд. Æппæт уыдæтты тыххæй
Хуыцау Йæ азар ныккалдзæн, ба-
сæттын чи нæ комы, уыдоныл.

**7** Уæдæ уын уыдонимæ иумæйа-
гæй мацы уæд.

*Рухсы хъæбултæ*

**8** Сымах кæддæр талынджы уы-
дыстут, ныр та рухсы стут Хицауи-
мæ. Уæдæ цæрут рухсы хъæбулты
цардæй,

**9** Уымæн æмæ рухс кæм ис, уым
сты алы хорздзинад, рæстад æмæ
æцæгад.

**10** Архайут, Хуыцауæн фæндон
цы у, уый базоныныл,

**11** Æмæ уын талынджы хъæбул-
ты æнæпайда хъуыддæгтимæ иумæ-
йагæй мацы уæд, фæлæ сын сæ
хурмæ хæссут.

**12** Уымæн æмæ уыдон сусæгæй
цы кæнынц, уыдæттæн суанг сæ
кой дæр худинаг у.

**13** Рухсмæ цыдæриддæр рахас-
тæуы, уый раргом вæййы, æмæ цы
раргом уа, уый та рухс фесты.

**14** Уый тыххæй у загъд: «Рай-
хъал у, фынæй, рабад мæрдтæй,
æмæ дæ Чырысти ныррухс кæн-
дзæн».

**15** Уæдæ кæсут уæ цардмæ; уæхи
дарут æнæзæндтау нæ, фæлæ зонд-
джынтау.

**16** Пайда кæнут алы фадатæй
дæр, уымæн æмæ рæстæг æвзæр у.

**17** Æнæмбаргæ ма ут, фæлæ ба-
зонут, Хицауæн фæндон цы у, уый.

**18** Фыднозт ма кæнут сæн, уы-
мæн æмæ уый расайы хæлд митæ.
Фæлтау хайджын кæнут Сыгъдæг
Удæй.

**19** Куы æрæмбырд вæййут, уæд
зарут псаломтæ, гимнтæ æмæ уд-
варны зарджытæ; зæрдиагæй зар-
гæйæ стаут Хицауы.

**20** Иудадзыг æмæ алцæй тых-
хæй дæр нæ Хицау Йесо Чырысти-
йы номæй бузныг ут Фыд-Хуыца-
уæй.

**21** Чырыстийы тас уæм кæй
ис, уымæ гæсгæ кæрæдзийæн ут
коммæгæс.

*Чырыстон бинонтæ*

**22** Сылгоймæгтæ, цыма Хицауы
коммæ кæсут, афтæ уæ лæгтæн ут
коммæгæс.

**23** Уымæн æмæ нæлгоймаг сыл-
гоймаджы хицау у, Чырысти Аргъуа-
ны хицау куыд у, афтæ. Чырысти у
Йæ буары, Аргъуаны, Ирвæзын-
гæнæг дæр.

**24** Фæлæ Аргъуан Чырыстийæн
куыд коммæгæс у, афтæ сылгой-
мæгтæ дæр кæддæриддæр хъуамæ
кæсой сæ лæгты коммæ.

**25** Лæгтæ, уарзут уæ устыты,
Чырысти Аргъуан куыд бауарзта,

---

**5:5** 1 Кор. 6:10. **5:6** Мф. 24:4; Мк. 13:5; Лк. 21:8; 2 Фес. 2:3. **5:8** Ин. 8:12; 12:36. **5:9** Гал. 5:22. **5:11** 2 Кор. 6:14; 1 Тим. 5:20. **5:13** Ин. 3:20. **5:14** Ром. 6:4. **5:15** Кол. 4:5. **5:17** Ром. 12:2; 1 Фес. 4:3. **5:18** Лк. 21:34. **5:19** Кол. 3:16. **5:20** Кол. 3:17; 1 Фес. 5:18. **5:22** Кол. 3:18; Тит. 2:5. **5:23** 1 Кор. 11:3; Эф. 1:22.

афтæ – йæ сæраппонд Йæхи æрхаста нывондæн,

**26** Цæмæй йæ цæхса дон æмæ ныхасæй, æмæ йæ афтæмæй снывонд кæна Хуыцауæн,

**27** Æрлæууын æй кæна Йæ разы намысджын Аргъуанæй, æнæ сау стъæлфæй, æнæ къæмæй, æнæ æндæр исты аиппæй, сыгъдæг æмæ æнæфау куыд уа, афтæ.

**28** Лæгтæ сæхи буар куыд уарзынц, афтæ хъуамæ уарзой сæ устыты. Йæ усы чи уарзы, уый йæхи уарзы.

**29** Йæ буар æнæуынон никуы никæмæн уыди, фæлæ йæ алчидæр æфсады æмæ йыл мæт кæны. Афтæ Чырыстийæн дæр Йæ мæт Аргъуаныл у,

**30** Уымæн æмæ мах Йæ Буары уæнгтæ стæм.

**31** «Уымæ гæсгæ адæймаг ныууадздзæн йæ фыд æмæ йæ мады, баиу уыдзæн йæ усимæ, æмæ дыууæ уыдзысты иу буар».

**32** Уыцы ныхæсты стыр сусæгдзинад æвæрд ис, æмæ æз зæгъын: уый хауы Чырысти æмæ Аргъуанмæ.

**33** Уыимæ хауы сымахмæ дæр: алчидæр йæхи куыд уарзы, афтæ уарзæд йæ усы, ус та стъæлфæд йæ лæгæй.

## – 6 –

*Сывæллæттæ æмæ ныййарджытæ*

**1** Сывæллæттæ, ут уæ ныййарджытæн коммæгæс, уымæн æмæ афтæ раст у.

**2** «Нымай дæ фыд æмæ дæ мады» – ахæм у фыццаг фæдзæхст зæрдæвæрдимæ:

**3** «Уæд уыдзынæ фæрнджын æмæ дзæвгар фæцæрдзынæ зæххыл».

**4** Сымах дæр, ныййарджытæ, ма мæсты кæнут уæ сывæллæтты, фæлæ сæ хъомыл æмæ ахуыр кæнут Хицауы фæдзæхстытæм гæсгæ.

*Цагъартæ æмæ сæ хицæуттæ*

**5** Цагъартæ, цыма Чырыстийы коммæ кæсут, афтæ зæрдиагæй коммæгæс ут уæ зæххон хицæуттæн, тæрсут сæ хъыджы бацæуынæй.

**6** Сæ зæрдæ сын балхæнынæн цæстмæкуыст ма кæнут, фæлæ сын кусут, Хуыцауы фæндон æнувыдæй чи æххæст кæны, Чырыстийы уыцы цагъартау.

**7** Кусут сын зæрдæрайгæйæ, адæмæн кусæгау нæ, фæлæ Хицауæн цыма лæггад кæнут, афтæ.

**8** Уæ зæрдыл дарут: алчидæр, цагъар уа æви сæрибар, Хицауæй райсдзæни хорзæх йæ алы хорз хъуыддаджы тыххæй дæр.

**9** Сымах дæр, хицæуттæ, уæ цагъартæм кæсут ахæм цæстæй, ныууадзут уе 'ртхъирæнтæ. Хъулон Чи никæй кæны, сымахæн дæр æмæ уыдонæн дæр уæлæрвты ахæм Хицау кæй ис, уый уæ рох ма уæд.

*Хуыцауы хотыхтæ*

**10** Æппынфæстаг, ме 'фсымæртæ, удвидар кæнут, Хицауимæ кæй стут, уымæй, æмæ Йæ домбай хъаруйæ.

---

[5:25] Гал. 1:4; Кол. 3:19. [5:26] 1 Пет. 3:21; Тит. 3:5; Дзут. 9:14. [5:27] 2 Кор. 11:2; Эф. 1:4. [5:31] Мф. 19:5; Мк. 10:7; 1 Кор. 6:16. [6:1] Мф. 15:4; Мк. 7:10; Кол. 3:20. [6:5] 1 Пет. 2:18; Кол. 3:22; Тит. 2:9. [6:8] 2 Кор. 5:10. [6:9] Гал. 2:6.

**11** Уæхи сифтонг кæнут Хуыцауы хотыхтæй, уæ бон хæйрæджы мæнгард миты ныхмæ лæууын куыд уа, афтæ.

**12** Уымæн æмæ нæ тох адæймаджы ныхмæ нæу, фæлæ æнæбуар æлдæртты æмæ барджынты ныхмæ, ацы талынг дунейы хицæутты ныхмæ, уæлдæфы чи ис, уыцы фыдæххæссæг удты ныхмæ.

**13** Уый тыххæй уæхи сифтонг кæнут Хуыцауы хотыхтæй, цæмæй фыдбылызы бон куы ралæууа, уæд уæм разына ныхмæ æрлæууыны хъару, фæуæлахиз уат æппæтыл дæр, æмæ ма фæцудат.

**14** Уæдæ фидар лæуут, уæ астæутæ æрбалвасут æцæгадæй, уæ уæлæ скæнут рæстады згъæрхæдон.

**15** Фидыды уац хъусын кæнынмæ цæттæдзинад уæд уæ къахыдарæс.

**16** Кæддæриддæр уæм уæд, хæйрæджы æппæт судзгæ фæттæ кæмæй ахуыссын кæндзыстут, уый — уырнынады уарт.

**17** Ирвæзындзинад уæд уе згъæрхуд, æмæ райсут Уды лæвæрд цирхъ — Хуыцауы ныхас.

**18** Кæддæриддæр кувут æмæ курут Хуыцауы Удæй разæнгардæй. Уый тыххæй ут къæрцхъус æмæ æвæллайгæйæ кувут æппæт сыгъдæджыты тыххæй.

**19** Кувут мæн тыххæй дæр, цæмæй мæ дзурын куы бахъæуа, уæд мын Хуыцау ратта æвзаг, æмæ æз ныфсджынæй раргом кæнон фарны уацы сусæгдзинад.

**20** Рæхыстæй бастæй дæр æз уыцы фарны уацы минæвар дæн. Кувут, цæмæй йæ фехъусын кæнон ныфсджынæй, куыд мын æмбæлы, афтæ.

*Саламтæ*

**21** Цæмæй сымахæн дæр мæ уавæртæ æмæ мæ хъуыддæгтæ зындгонд уой, уый тыххæй уын æппæт дæр радзурдзæн Тихик, нæ уарзон æфсымæр æмæ Хицауæн иузæрдион кусæг.

**22** Æз æй сымахмæ æрвитын, цæмæй базонат мах тыххæй æмæ уæ бауадза ныфс.

**23** Æфсымæртæн фарн æмæ уарзт уырнындзинадимæ Фыд-Хуыцауæй æмæ Хицау Йесо Чырыстийæ.

**24** Нæ Хицау Йесо Чырыстийы чи уарзы, уыдон сеппæт дæр хайджын уæнт Хуыцауы хорзæх æмæ æнæмæлгæ цардæй.

**6:11** Ром. 13:12; 1 Фес. 5:8. **6:12** Ин. 12:31; 14:30; Эф. 2:2. **6:14** Лк. 12:35; 1 Пет. 1:13. **6:17** 1 Фес. 5:8; Дзут. 4:12. **6:18** Лк. 18:1; Кол. 4:2. **6:19** 2 Фес. 3:1. **6:20** Ап. хъ. 21:11. **6:21** Ап. хъ. 20:4; Кол. 4:7.